# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**“2021-жылдың жаз мәўсиминде балаларды дем алдырыў хәм саўалландырыўға таярлықлар көриў хәм де жаз мәўсимин жоқары дәрежеде өткериў бойынша әмелге асырылатуғын жумыслар ҳаққында”**

Балалардың дем алыўларын шөлкемлестириў хәм саўалландырыў бойынша тийисли ис-илажларын ислеп шығыў, олардың әмелге асырылыўын турақлы қадағалаў хәм мониторингин тәмийинлеў бойынша 2021-жыл 23-марттағы “Республикалық Муўапықластырыўшы топары”ның 01-07/91-санлы мәжилис баянламасын хәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-апрельдеги 124-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-апрельдеги 124-санлы буйрығы басшылыққа алынсын хәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. **2021-жылдың жаз мәўсиминде балаларды дем алдырыў хәм саўалландырыўға таярлықлар көриў хәм де жаз мәўсимин жоқары дәрежеде өткериў бойынша** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң исши (кейинги орынларда исши топар деп жүритиледи) топары 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-апрельдеги 124-санлы буйрығы менен:

-стационар түрдеги балалар дем алыў орайларына жумысқа тартылыўы белгиленген педагог хызметкерлер (тәрбияшы, жетекеши хәм дөгерек басшылары) ықтыярлы түрде мийнет дем алысы дәўиринде дем алыў орайларына жумысқа тартылады хәмде олардың жумыс алып барған күнлери ушын мийнетине ис ҳақы төлеў дем алыў орайлары есабынан әмелге асырылатуғынлығы;

-санитариялық-гигиеналық талапларға жуўап беретуғын, барлық қолайлықларға ийе болған билимлендириў мәкемелеринде оқыўшылар, олардың ата-аналарының қәлеўлерин есапқа алынған ҳалда саўалландырыў майданшалары шөлкемлестирилетуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. **Министрликтиң исши топары (Ш. Таджимуратов)на:**

Усы жыл 20-апрель сәнесине шекем Қарақалпақстан Репубкликасы кәсиплик аўқамы шөлкемлери бирлеспеси Кеңеси менен биргеликте мәўсим даўамында дем алыў орайларының педагог хызметкерлерине болған зәрүрлигин анықлаў хәмде 2021-жыл жаз мәўсимде дем алыў орайларында жумыс алып барыўшы тәрбияшы, жетекши хәм дөгерек басшылардың ең мүнәсиплерин таңлаў;

-усы жылдың 15-май сәнесине шекем дем алыў орайлары, оның басшылары хәмде педагог хызметкерлери ушын ислеп шығылған методикалық қолланбаларды жетилистириў;

-оқыўшы жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде мәдeният, көркем-өнер, китапхумарлық, спорт, хабар-технологияларына болған қызығыўшылықларын арттырыў, оқыўшы қызларды социаллық турмыс тәризине таярлаўға бағдарланған **5 әхмийетли басламаны** әмелге асырыў сондай-ақ, хәр қыйлы темадағы жарыс хәм таңлаўларды шөлкемлестириў;

-барлық дем алыс орайларында көшпели китапхана искерлигин шөлкемлестириў, оларды Өзбекстан Республикасы Президенти шығармалары, көркем әдебиятлар, газета хәм журналлар менен байытыў;

-Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайы менен биргеликте жазғы дем алыс ҳәм саўалландырыў орайларында руўхый-ағартыўшылық жумысларын шөлкемлестириў бойынша методикалық усынысларды жетилистириў, «Руўхыйлық-ағартыўшылық» бөлмелерин зәрүр үскенелер менен тәмийинлеў, миллий ғәрезсизлигимизди сәўлелендириўши ҳәр түрли темадағы плакатлар, баннерлер, тәлим-тәрбиялық бағдардағы уранлар, көргизбели қураллар менен безетиў ушын тийисли усыныслар таярлаў;

-мектептен тыс билимлендириў мәкемелери ҳәм мәлимлеме-ресурс орайларында дем алыс орайларына тартылмаған балалардың бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестириў бойынша тийисли ис-илажлар белгилеў;

-жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў мәкемелери менен келисилген ҳалда дем алыс орайларында шөлкемлестирилиўи режелестирилген шет тили дөгереклерин тәжирийбели қәнигелер ҳәмде оқытыўшы-студентлер менен тәмийинлеў;

- Өзбекстан жаслар ислери агентлиги Қарақалпақстан Республикасы бөлими менен биргеликте, дем алыў орайларында жумыс алып барыўшы жетекшилер дизимин қәлиплестириў, «Бәркамал әўлад» балалар мектеби басзасында олар ушын оқыў-шынығыўларн шөлкемлестириў;

-2021-жылғы жаз мәўсимин жоқары дәрежедеги шөлкемлескенлик пенен өткериў мақсетинде режелестирилген аймақлық семинарларға жуўапкерлер дизимин қәлиплестириў, дем алыс орайлары ушын тийисли тарқатпа материалларының (методикалық қолланбалар, уранлар) үлги жойбарларын таярлаў ҳәмде бул бағдарда әмелге асырылған жумыслар туўралы мағлыўматларды усы жылдың 20-май сәнесинен кешиктирмей Қарақалпақстан Републикасы кәсиплик аўқамы шөлкемлери бирлеспеси Кеңесине усыныс етиў ўазыйпалары тапсырылсын.

**5. Республикалық «Бәркамал әўлад» балалар мектеби (Т.Нажимов)не:**

-усы жылдың 25-апрель сәнесине шекем дем алыў орайларында жумыс алып барыўшы педагог хызметкерлердиң қәнигелигин асырыў бойынша оқыў режесин ислеп шығыў;

2021-жылдың 10-май сәнесине шекем педагог хызметкерлерди «Бәркамал әўлад» балалар мектебинде тийисли тәртипте оқытыў жумысларын алып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

**6. Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм тәмийинлеў, имарат қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекетлик-жеке шериклик бөлими** (И.Балтабаев)не:

-Халық билимлендириў министрлигине қараслы стационар дем алыў орайларын раўажландырыў, барлық шараятларға ийе болған улыўма билим бериў мәкемелеринде саўалландырыў майданшаларын шөлкемлестириў бойынша исбилерменлик субъектлеринен келген мәмлекетлик жеке шериклик жойбарларын әмелдеги нызамшылыққа муўапық көрип шығыў ҳәм министрлик басшыларына киритип барыў тапсырылсын.

**7. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына**:

-усы жылдың 15-апрель сәнесине шекем санитариялық-гигиеналық талапларға жуўап беретуғын, барлық қолайлықларға ийе болған билимлендириў мәкемелеринде оқыўшылар, олардың ата-аналарының қәлеўлерин есапқа алынған ҳалда төлемли саўалландырыў майданшаларын белгилеў;

- усы жылдың 15-апрель сәнесине шекем аймақлық кәсиплик аўқам шөлкемлери менен биргеликте мәўсим даўамында дем алыў орайларының педагог хызметкерлерине болған зәрүрлигин анықлаў сондай-ақ, жумыс алып барыўшы педагог хызметкерлер, тәрбияшылар, жетекшилер ҳәмде дөгерек басшыларының ең мүнәсиплерин таңлаў, олардың дизимин қәлиплестириў ҳәм министрликке киритиў;

-барлық дем алыў орайларында көшпели китапханалар жумысларын шөлкемлестириў, оларды Өзбекстан Республикасы Президенти шығармалары, көркем әдебиятлар, газета ҳәм журналлар менен тәмийинлеў;

-оқыўшы жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде мәдений, көркем-өнер, китапхумарлық, спорт, хабар-технологияларына болған қызығыўшылықларын арттырыў, оқыўшы қызларды социаллық турмыс тәризине таярлаўға бағдарланған **5 әҳмийетли басламаны** әмелге асырыў сондай-ақ, ҳәр қыйлы темадағы жарыс ҳәм таңлаўлардың шөлкемлестирилиўине айрықша итибар қаратыў;

-дем алыў орайларына бириктирилген педагог хызметкерлер ушын аймақлық кәсиплик аўқам шөлкемлери менен биргеликте өткерилиўи режелестирилген оқыў-семинарларына таярлықлар көриў;

-усы жылдың 25-май сәнесине шекем Халық билимлендириў бөлимлерине қараслы стационар саўалландырыў орайларын мәўсимге толық таярлаў ўазыйпалары тапсырылсын.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QARAQALPAQSTON RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI *

**Нөкис қаласы,**
**2021-жыл "27" апрель**
**№ 115**

**2021-жылдың жаз мәўсиминде балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыўға таярлық көриў ҳәм де жаз мәўсимин жоқары дәрежеде өткериў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң жумысшы топары Қурамы**

| Қ/с | Ф.И.О. | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1. | Ш. Таджимуратов | -Министр орынбасары, исши топар баслығы |
| 2. | Р.Танирбергенов | -Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими баслығы, исши топар баслығы орынбасары, ағза |
| 3. | И.Балтабаев | -Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм тәмийинлеў, имарат қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекетлик-жеке шериклик бөлими баслығы ағза |
| 4. | Т.Даўлетмуратов | -Министрликтиң Баспа сөз хаткери, ағза |
| 5. | Т.Нажимов | -Республикалық "Бәркамал әўлад" балалар мектеби директоры, ағза |
| 6. | З. Сейтниязова | -Республикалық Балалар китапханасы директоры, ағза |